

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- LEKÒL SAMDI
- KALANDRIYE ANE LEKÒL 2022-2023 A
- FWA KOLÈJ NACAC
- TÈS COVID-19 GRATIS

JANVYE 2022

Bilten 14 | NIMEWO 82 |

POUSANTAJ GRADYASYON M-DCPS OGMANTE POU ANE 2020-2021 AN



Pousantaj gradyasyon lekòl segondè "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) yo rive nan chif remakab 90.1 poustan pou ane lekòl 2020-2021, yon ogmantasyon de 0.5 pwen poustan konpare ak ane anvan an. Sa a make pi gwo pousantaj gradyasyon M-DCPS reyalize depi "Florida Department of Education" (Depatman Edikasyon Florid) te kòmanse suiv done gradyasyon yo avèk metòd modèn nan fen ane 1990 yo. Si nou retire lekòl 'Charter' yo nan kalkil la, to gradyasyon pou lekòl distri a te monte a 94% poustan.

Pandan pifò gradye yo te satisfè kondisyon pou tès gradyasyon nan lekòl segondè atravè tès obligatwa eta Florid yo oswa nòt satisfezan, akòz fleksibilite eta Florid la te bay pandan pandemi mondal la, gen kèk elèv nou te aplike lòt kritè pou yo.

Pousantaj gradyasyon ki fèk pibliye a te ogmante de 12% poustan nan ane eskolè 2014-2015 la, se te premye ane tès rijid "Florida Standards" yo, e li te monte de 31.4 pwen pousantaj

soti nan 58.7% poustan nan ane 2006-2007 la. Men kèk pwen enpòtan nan pèfòmans Distri a, soti nan ane eskolè 2014-2015 rive nan 2020-2021:

- An 2021, M-DCPS satisfè to gradyasyon jeneral eta a a 90.1 poustan, avèk chak sou-gwoup sa yo ki depase kamarad ki nan menm nivo avèk yo atravè tout eta a: Ispanik, Blan, Elèv k ap Aprann Anglè, Elèv ki Andikape, ak Elèv ki Defavorize Ekonomikman.
- Elèv Ispanik yo te amelyore de 11.7 poustan pou rive 90.9 poustan nan 2021, ki depase poustan eta a ki se 89.4.
- Elèv blan yo te amelyore de 5.3 poustan pou rive 93.6% poustan, ki depase poustan eta a ki se 91.8.
- Elèv Nwa yo amelyore de 15.2 poustan pou rive 85.6% poustan, yo rete estab pandan ane 2020 an.
- Pousantaj gradyasyon distri a pou elèv andikape yo te amelyore de 18 poustan pou rive 83.6% poustan, ki depase poustan eta a ki se 82.3.
- Elèv ki defavorize ekonomikman yo te amelyore de 13.8 pwen pou

rive 89.1% poustan, ki depase poustan eta a ki se 87.2.

- Elèv k ap Aprann Anglè yo amelyore de 25.3 pwen pou rive 86.8% poustan, ki depase poustan eta a ki se 86.1.
- Pousantaj amelyorasyon pou elèv M-DCPS soti 2020 rive 2021 te depase kamarad ki nan menm nivo avèk yo nan tout eta a nan kategori sa yo: An jeneral, Blan, Ispanik, Elèv k ap Aprann Anglè, ak sa ki Defavorize Ekonomik yo.

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, "Nou fyè paske Lekòl Leta Miami-Dade County kontinye reyalize to gradyasyon istorik malgre defi san parèy nou te rankontre akoz pandemi an. Rezulta sa yo mobilize e ankouraje Distri a paske yo kontinye reprezante yon temwayaj pou efò ekstrawòdinè elèv nou yo ki gen anpil rezistans ak mendèv nou an ki trè devwe."

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

21 Janvye

Jounen Planifikasyon pou Pwofesè yo

21 Fevriye

Obsèvans "President's Day" (Jounen Prezidan yo)

25 Fevriye

Lotri VPK a



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County), an patenarya ak University of Miami Health System (Sistèm Sante Inivèsite Miami), ap ofri vaksen kont grip la, vaksen obligatwa pou lekòl, tès COVID-19, ak vaksen COVID-19 pou elèv ki elijib yo nan Miami-Dade County. Tès yo pral fêt atravè Inite Mobil Pedyatrik Sistèm Sante a, ki pral disponib nan plizyè pakin lekòl pandan tout mwa a.

Pou pran yon randevou, rele 305-243-6407. Ou ka vini san randevou. Tout moun ki pako gen 18 an, e ki ap pran vaksen an, dwe akonpaye avèk yon paran oubyen yon gadyen.

M-DCPS SE... KOTE APRANTISAJ KÒMANSE!



Edikasyon pou Timoun Anbazaj ak “Voluntary Prekindergarten (VPK)” (Pwogram Klas Matènèl Volontè), tankou sa nou ofri nan plis pase 200 “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County), prepare timoun yo pou kòmanse jadandanfan ak ladrès sosyal, emosyonèl, lengwistik, mantal,

Orè ak Adrès N ap Bay Vaksen yo		
Vandredi 21 janvye 10:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi	Campbell Drive K-8 Center	15790 SW 37th Street Miami, FL 33033
Lendi 24 janvye 10:00 dimaten – 3:00 nan aprèmidi	Hialeah Gardens Middle	11690 NW 92nd Avenue Hialeah Gardens, FL 33018
Mèkredi 26 janvye 10:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi	Southwood Middle	16301 SW 80th Avenue Palmetto Bay, FL 33157
Jedi 27 janvye 10:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi	Kinloch Park Middle	4340 NW 3rd Street Miami, FL 33126
Vandredi 28 janvye 10:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi	Highland Oaks Middle	2375 NE 203rd Street Miami, FL 33180
Lendi 31 janvye 10:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi	Lamar Louise Curry Middle	15750 SW 47th Street Miami, FL 33185

Elèv ki ap resevwa vaksen COVID-19 la DWE gen omwen 5 an nan dat y ap resevwa vaksen an pou yo ka elijib pou resevwa yon depistaj konplè pou vaksen COVID-19 la ansam ak yon fòm konsantman ki ap disponib nan andwa y ap bay vaksen yo.

Nou ap mete disponib dat tès pou mwa fevriye yo trè pwochènman.

REINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

**9 Fevriye
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye**

ak ladrès lekti bonè, ak konpetans matematik yo bezwen pou yo reyisi. M-DCPS pran angajman pou l bay bon jan kalite sèvis konplè pou prepare jèn timoun yo pou aprantisaj k ap dire tout lavi yo.

Pwogram VPK nan Florid (VPK): VPK se yon pwogram gratis ki prepare timoun katran pou jadandanfan e pi lwen. Timoun yo dwe gen 4 ane daj nan dat 1ye septanm 2022 oubyen anvan pou yo enskri. W ap jwenn lis lekòl ki ap patisipe ki disponib sou sit entènèt la nan <http://earlychildhood.dadeschools.net>.

Pwogram VPK M-DCPS la sèvi ak yon sistèm lotri pou l chwazi elèv, ki pral

fèt vandredi 25 fevriye 2022. Aprè fanmi yo fin ranpli pake enskripsyon pou lekòl ki nan katye yo anvan dat limit 24 fevriye 2022 an, yo ap antre yo nan lotri VPK a. Se timoun non yo soti nan lotri a n ap chwazi pou antre nan pwogram nan. Ap gen plas ouvè ki disponib nan kék lekòl aprè dat lotri a. Paran timoun yo pa t chwazi nan lotri a dwe kontakte Depatman Early Childhood Programs nan 305-995-7632 pou asistans pou yo jwenn yon plas disponib. Paran ka jwenn “VPK Program Certificate of Eligibility” (Sètifikasi Elijibilite pou Pwogram VPK) ki obligatwa pou aplikasyon an sou sit entènèt biwo ‘Early Learning’ nan: www.vpkhelp.org

Pwogram 'Head Start': Head Start, yo ofri an patenarya avèk 'Miami-Dade County Community Action and Human Services', se yon pwogram devlopman global konplè timoun, leta federal finanse, pou sèvi timoun ki gen twazan (3) e fanmi yo pa gen gwo mwayen. Pwogram nan gen ladan timoun ki gen andikap e ki ap resevwa yon gwo varyete sèvis pou devlopman yo.

Yo baze elijibilite pou Head Start sou salè fanmi an oubyen anba nivo povrete gouvenman federal la. Peryòd enskripsyon pou ane lekòl 2022-2023 a kòmanse 18 janvye 2022. Fanmi yo ka aplike nan vizite nenpòt nan 31 andwa Lekòl Head Start Lekòl Leta Miami-Dade County yo atravè konte

a e ranpli yon aplikasyon oswa vizite headstart.dadeschools.net. Gen yon lis lekòl ki ap patisce yo ki disponib nan vizite sit entènèt Head Start la nan <http://headstart.dadeschools.net>.

Pwogram 'Inclusion/Reverse Mainstream': Pwogram nan bezwen elèv pouf è modèl nan edikasyon jeneral pou yon kantite plas limite "Pre-K special education reverse mainstream" (retire nan kategori edikasyon klas matènèl espesyal e mete nan klas regilye) atravè distri a. Pwogram sa a ofri yon jounen opòtinite konplè oubyen mwatye jounen, gratis pou elèv ki kalifye. Elèv yo kalifye, kòmanse nan laj twazan (3), e yo dwe gen nivo langaj ki apwopriye ak

Iadrès sosyal pou laj yo paske yo pral sèvi kòm modèl pou timoun ki gen andikap. Kourikoulòm nan ríjid e li ofri elèv yo yon opòtinite pou pran klas preparatwa pou lekti, matematik, syans ak etid sosyal, ansanm ak devlope iadrès sosyal yo nan yon anbyans lekòl. Paran dwe mande lekòl ki sou katye yo enfòmasyon oubyen yo dwe rele biwo "Pre-K Special Education" (Edikasyon Espesyal Klas Matènèl) nan 305-271-5701 pou idantifye pwogram ki toupre lakay yo.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè vizite <http://earlychildhood.dadeschools.net> oubyen rele 305-995-7632.

KOMISYON KONSEY LEKÒL MIAMI-DADE COUNTY APWOUVE KALANDRIYE LEKÒL 2022-2023 A



Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County apwouve Kalandriye Lekòl 2022-2023 a nan dènye reyinyon li fè chak mwa a, avèk lekòl la ki ap kòmanse 17 out pou elèv. Kalandriye yo apwouve pou Lekòl Elementè ak Segondè ak Lekòl pou Adilt ak fòmasyon pwofesyonèl yo gen ladann yon "Fall Recess" (Vakans Otòn) pou elèv ak aplwaye 10 mwa, nan semèn 21 – 25 novanm 2022, pandan fèt Thanksgiving la.

Kalandriye Lekòl yo fèt gras ak yon kolaborasyon ant Komite Travay sou Kalandriye Lekòl la ki gen ladan reprezantan nan Lekòl Leta Miami-Dade County ak sendika 'United Teachers of Dade'.

Pou plis enfòmasyon, vizite <http://www.dadeschools.net/calendars/>.

MAKE DAT LA! FWA KOLÈJ NASYONAL 2022 AN AP VINI MIAMI 13 MAS 2022



Fwa Kolèj Nasyonal 2022 Miami an ap retounen ak evènman an pèsòn nan Dimanch 13 mas 2022. Reprezantan ap soti nan diferan kolèj ak inivèsite ap disponib pou rankontre elèv ak paran pou pale sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon ak kondisyon admisyón kolèj yo. Fwa sa a, ki gratis, ap fèt

kòmanse midi pou 4è nan aprèmidi, nan DoubleTree by Hilton Hotel Miami Airport & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave., Miami, FL 33126. Enskripsiyon ouvè kounye a nan <https://www.nacacattend.org/22miami/begin>.

Ane sa a, "National Association for College Admission Counseling (NACAC)" (Asosyasyon Nasyonal Konseye pou Admisyon nan Kolèj) ap entwodwi yon pwogram teknoloji ki konsidere karakteristik kolèj/inivèsite yo (rejon jewografik, gwo sè kanpous, anviwònan kanpous yo, eksetera) epi matche yo ak enterè ak preferans elèv yo.

Yo pral ofri sèt fwa vityèl sou entènèt pandan prentan sa a. Pou plis enfòmasyon, vizite www.nacacnet.org. Ou ka suiv evènman an sou rezo sosyal yo nan #collegefairmiami.

Se "National Association for College Admission Counseling (NACAC)" (Asosyasyon Nasyonal Konseye pou Admisyon nan Kolèj) ak Lekòl Leta Miami-Dade County ki ap patwone evènman an. Chèmann Komisyón Konsèy Lekòl, Perla Tabares Hantman se ko-chèmann komite lokal Fwa Kolèj Nasyonal la. Sa fè 25èm ane konsekitif li kòm Ko-Chèmann.

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te montre detèminasyon ak inovasyon nan rechèch li pou redui entèval siksè ak opòtinite pou tout elèv. Atravè yon apwòch pratik pou itilize plizyè estrateji, M-DCPS asire elèv ki nan tout kòd postal yo gen menm aksè egal a opòtinite aprantisaj adisyonèl, tankou ratrapaj, anrichisman, akselerasyon, ak sistèm sipò solid.

M-DCPS ap fè tout efò pou akselere aprantisaj epi adrese anpil pèt aprantisaj elèv yo. Youn nan opòtinite sa yo se "Saturday Academy" (Lekòl Samdi), nou ap ofri pou plis pase dizan epi se yon estrateji efikas pou amelyore aprantisaj elèv yo.

Lekòl Samdi a se yon apwòch aprantisaj ki ale pi lwen pase lè klòch la sonnen pou tout elèv, kote yo ka angaje yo nan bonjan ansèyman enpòtan ak pwofesè yo pou apeprè kat (4) èdtan. Pandan ane pase yo, Lekòl Samdi a te evolye soti nan pakè devwa enprime pou rive nan laboratwa syans pratik ak aprantisaj melanje, ki se yon konbinezon teknoloji, ak pratik ak estrateji ansèyman konvansyonèl yo. Atravè

inisiyativ "Digital Convergence" (Konvèjans Dijital) nou an, ki te lanse an 2012 epi ki finanse ak lajan takspeyè yo, nou te investi nan teknoloji pou rann aprantisaj pi enteresan epi pèsonalize pou elèv yo.

Ki lòt aspè ki fè pwogram Lekòl Samdi a yon siksè? Nan yon salklas yon pwofesè pou chak 12 elèv, ki pi ba pase gwosè klas regilye pandan semèn lekòl la. Gen apeprè 1,700 elèv ki enskri nan 36 lekòl ki ofri Lekòl Samdi kounye a. Enskripsyon yo toujou ouvri epi li disponib. Pwogram nan òganize pwomnad ak kat kado nan divès restoran ak magazen pou ankouraje elèv k ap patisipe yo. Yo ofri manje maten, manje midi ak ti goute, epi yo ofri transpò pou patisipan nan Lekòl Samdi yo.

San okenn dout, Lekòl Samdi a se yon eleman prensipal nan distri nou an ak youn nan faktè ki kontribiye nan nòt "A" distri lekòl la, jan Depatman Edikasyon Florid te akòde sa. Kòm pandemi COVID-19 la te gen yon enpak negatif sou aprantisaj elèv yo ak deranje edikasyon nan yon fason nou pa janm wè anvan, opòtinite aprantisaj pwolonje tankou Lekòl Samdi a ekstrèmeman enpòtan


pou bese pèt aprantisaj ak adrese aprantisaj elèv ki poko fini yo. Se poutèt sa, patisipasyon aktif elèv yo nan Lekòl Samdi a enpòtan anpil pou akselere siksè akademik yo.

Dizwit dènye mwa ki sot pase yo te difisil anpil. Fèmti lekòl ak difikilte ki asosye ak pandemi an te afekte aprantisaj, sekirite ak byennèt timoun yo yon fason negatif. Sepandan, pandemi COVID-19 la fè nou sonje tou nou se yon kominote ki gen rezistans, ki pi solid ansanm; e fòs ak detèminasyon nou pèmèt nou reve pi gran epi ofri elèv nou yo mond la.

Pou enfòmasyon espesifik sou andwa Lekòl Samdi yo, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

TI KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Etabli Objektif
<https://bit.ly/3JZdur6>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL

@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la.
#MDCPSConnects

**Komisyón Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipètentandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	